

MEMORANDÒM AKÒ
ANT
KOMITE SKOLÈ BOSTON
POU
SIVEYAN DEJENE LEKÒL PIBLIK BOSTON YO,
KONSÈY 93, SENDIKA AFSCME

Apati 1ye septanm, 2020 jiska 31 out, 2023

Tankou tout pwopozisyon ke Lekòl Piblik Boston transmèt bay sendika AFSCME, pwovizyon sila yo ki fè pati dokiman sa a depann de chak pwovizyon patikilye, antant sou divès lòt afè ki gen divès enplikasyon finansye, ak akonplisman yon kontra final. Dirabilite finansye pwopozisyon sa a ap depann de entèkoneksyon chak konpozan konkrèt sa yo ki fè pati akò negosyasyon kolektif la. Lekòl Piblik Boston rezève aklè dwa pou l ajoute, modifye, amande, efase, revize, e retire nenpòt nan pwopozisyon sa yo. Nenpòt akò ap pwovizwa e ap sijè a ratifikasyon pa Komite Skolè a ak manm Sendika a.

Divès tèm ak pwovizyon negosyasyon kolektif pati yo ki te an vigè apati 1ye septanm, 2017 jiska 31 out, 2020 ap kontinye totalman an vigè apati 1ye septanm 2020 jiska 31 out, 2023, sof jan Akò a ta modifye sa aklè. Sendika a va rekòmande e pousuiv ratifikasyon ak apwobasyon Akò a pa manm li yo :

- A. Dire a: *Apati 1ye septanm, 2020 jiska 31 out, 2023*
- B. Salè yo

Manm sila yo ki fè pati inite negosyasyon an ki anplwaye nan dat Memorandòm sa a :

Apati 1ye desanm, 2020, pou (ane skolè 2020-2021) (ane fiskal 2021), to salè yo ap ogmante pa 2,0%
Apati 1ye septanm, 2021, (ane skolè 2021-2022) (ane fiskal 2022) to salè yo ap ogmante pa 2,5% avèk yon peman inik ki dekri anba a (retwoaktif, ki vle di sot nan yon dat pase)
Apati 1ye septanm, 2022, (ane skolè 2022-2023) (ane fiskal 2023) to salè yo ap ogmante pa 2,5%

- Yon peman inik 1.000\$ anrapò a Covid-19 pou tout manm ki te anboche avan 1ye septanm, 2021, e ki te rete anplwaye jiska ane skolè 2021-2022 a.

Peman retwoaktif (a yon dat pase) ap limite a anplwaye Lekòl Piblik Boston sila yo ki te anplwaye nan dat kote Sendika a ratifye Akò sa a, e limite a anplwaye sila yo ki te separe avèk Lekòl Piblik Boston volontèman, pa mwayen demisyon oswa retrèt. Anplwaye sila yo nou te revoke, oswa ki te absan san konje avan ratifikasyon akò sa a, p ap elijib pou peman retwoaktif la.

Pou Ekip Negosyasyon k ap Negosye nan Non Komite Skolè Boston an :

Pa : _____
Mary Skipper
Sipèentandan, Lekòl Piblik Boston

Dat la :

Pou Ekip Negosyasyon k ap Negosye nan Non Siveyan Lè Dejene yo :

Pa : _____
William Chiasson
AFSCME 93

Dat la :

Bonnie MacMaster
Prezidan, Siveyan Lè Dejene a

Dat la :

Susan Lavey
Vis Prezidan, Siveyan Lè Dejene yo

Dat la :